

MEDIA PASINAON POP UP BOOK CARIYOS RAMAYANA LAMPAHAN RESI JATAYU TUMRAP SISWA KELAS VIII SMP N 6 MAGELANG

LEARNING MEDIA POP UP BOOK STORY RAMAYANA ABOUT RESI JATAYU FOR GRADE 8 STUDENTS SMPN 8 MAGELANG

Dening: Sofyan Reza Yahya, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta

Sarining Panaliten

Ancasing panaliten menika ngandharaken cara anggenipun damel *media pasinaon pop up book* cariyos ramayana lampahan Resi Jatayu, ngandharaken *validasi media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu, saha ngandharaken pamanggih guru basa Jawi saha siswa tumrap *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu. Panaliten menika kalebet jinis panaliten *Research and Development (R&D)*. Panaliten menika katindakaken kanthi nlampahi gangsal *tahap*. Wondene gangsal *tahap* menika : *analysis, design, development, implementation* saha *evaluation*. Panaliten menika ngasilaken *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu. Saklajengipun *media* dipunrevisi ngantos *valid* lajeng dipunuji *coba* wonten sekolah. Cara ngempalaken *data* ngginakaken *angket*. Adhedhaar asiling *validasi* saha *uji coba*. Asiling *validasi* dening *dosen ahli materi* pikantuk *persentase* 88%. Asiling *validasi* dening *dosen ahli media* pikantuk *persentase* 95%. Asiling pambiji guru basa Jawi pikantuk pambiji 88%. Asiling pamanggih dening siswa pikantuk *persentase* 94%. Asiling panaliten nedahaken bilih *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu saged dipunginakaken wonten piwulangan basa Jawi.

Pamijining Tembung : *Media, Pop Up, Resi Jatayu*

Abstract

The purpose of this research reveals how to made the media pop up Ramayana Ramayana stories Resi Jatayu, explains the validation media appeared book that pop up Ramayana stories Jatayu Resi , which said the teacher's language ideas, and students from the media pop up book featuring Ramayana stories Resi Jatayu. This research is a type of research study Research and Development (R & D). Research is done by spending five stages. The five stages are: analysis, design, development, implementation and evaluation. This study resulted in the study of pop up media stories of books showing the acceptance of Ramayana Resi Jatayu . The revised media is valid, it will be tested in school. Methods of data collection using questionnaires. Validation and testing results. Successful validation by professors of material experts earned 88% percentage. Successful validation by expert media lecturers earned 95% percentage. Assessments by language teachers earn 88% percentage points. The success of the opinion with the students earned 94% percentage. The success of the survey shows that the study of pop up book media featuring Ramayana Resi Jatayu stories can be used in teaching Java language.

Keywords : Media, Pop Up, Resi Jatayu

PURWAKA

Wonten Sekolah Menengah Pertama (SMP) piwulangan basa Jawi kanthi dhasar kurikulum 2013 nyinaoni salahsatunggal bab basa Jawi kelas VIII semester 2 inggih menika bab cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu. Kanthi *Kompetensi Inti* “Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata” saha kanthi *Kompetensi Dasar* “Memahami isi teks cerita Ramayana (Resi Jatayu)”. Adedhasar *Kompetensi Inti*, kompetensi dasar, saha indikator mangertosi tembung-tembung angel wonten ing cariyos, lajeng mangsuli pitakonan wonten ing cariyos, lajeng nyerat cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu kanthi krama, saha nyariyosaken cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu wonten ing inggil kedah wonten *media* pasinaon kangge nyengkuyung guru anggenipun medharaken piwulangan bab cariyos Ramayana mliginipun cariyos lampahan Resi Jatayu.

Adedhasar *observasi* wonten ing SMP N 6 Kota Maegelang. *Media* pasinaon kangge nyengkuyung piwulangan cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu menika awujud teks cariyos. *Media* awujud teks cariyos menika sampun saged kangge nyengkuyung guru medhar pasinaon. Ananging *media* awujud teks menika tasih kathah kekirangan. Kekirangan saking *media* awujud teks menika kirang narik kawigatosan siswa kangge nyinaoni cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu, satemah greget siswa kangge nyinaoni bab menika kirang greget saha siswa anggenipun mangertosi cariyos menika kirang. Adedhasar perkawis ingkang sampun dipunandharaken, kedah dipunpadosaken cara supados piwulangan langkung gampil kangge guru saha siswa.

Adhedhasar saking *analisis* kurikulum saha *analisis* kawontenan,

dipunpadosaken cara supados pasinaon langkung gampilaken guru anggenipun medharaken cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu saha nggampilaken siswa anggenipun mangertosi cariyos menika. Satemah saged dipunpilah bilih *media* kangge nyengkuyung piwulangan cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu inggih menika *media pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu.

Panaliten menika ngrembag babagan damel *pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu kangge nggayuh kaprigelan nyerat cariyos ramayana lampahan Resi Jatayu kanthi ragam krama. *Media* pasinaon saksampunipun dipundamel lajeng dipunparingi *validasi* saha pambiji dening dosen ahli materi saha dosen ahli *media*. Saklajengipun *media* dipunrevisi nalika *proses validasi*. Nalika *proses validasi* panaliti ndandosi *media* jumbuh kaliyan pamrayogi satemah angsal pasarujukan kangge nindhakaken uji coba wonten ing sekolah.

Kanthi *media pop up book* menika guru langkung gampil anggenipun medharaken materi cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu. Anggenipun ngginakaken *media* menika langkung gampil amargi awujud buku cariyos. *Media pop up book* menika sinten kemawon saged ngangge, boten kados *media* TI ingkang kedah saged ngginakaken komputer. Siswa ugi langkung gampil ngginakaken *media* menika amargi kanthi *media* menika amargi wonten gambar timbul ingkang langkung narik kawigatosan siswa anggenipun mangertosi cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu. Kaluwihan menika ingkang dadosaken panaliti anggenipun damel *media pop up book* cariyos Ramayana laokn Resi Jatayu menika. Kanthi *media* menika dipunajab supados siswa saged nyerat cariyos Resi Jatayu kanthi ragam krama.

Wosing perkawis panaliten inggih menika :

1. Kados pundi *tahap damel media pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu menika ?
2. Kados pundi *Evaluasi kualitas media pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media* menika ?
3. Kados pundi pamanggih guru basa Jawi saha siswa tumrap *media pop up book* cariyos Rmayana lampahan Resi Jatayu menika ?

KAJIAN PUSTAKA

Heinich saha kanca-kanca lumantar Arsyad (1997:3) ngandharraken bilih *media* menika sarana ingkang maringi *informasi* antawisipun pangintun kaliyan panampi. Dados wonten ingkang maringi sarana antawisipun sumber informasi kaliyan ingkang nampi *informasi*. Dados sedaya sarana punapa kemawon ingkang maringi sarana sumber informasi kaliyan panampi saged dipunsebat *media*, tuladhanipun inggih televisi, radio, koran, kalawarti, menika saged dipunwastani *media* amargi piranti-piranti menika minangka sarana antawisipun *sumber informasi* kaliyan panampi *informasi*

Pamanggih wonten ing inggil nedahaken bilih *media* inggih menika sedaya piranti ingkang dados sarana antawisipun pangintun informasi kaliyan panampi informasi.

Miturut Dzuanda (2011 : 1) ngandharaken *pop up book* inggih menika buku ingkang anggadhahi perangan ingkang saged ewah utawi anggadhahi perangan 3 *dimensi* (3-D) ugi saged maringi gambaran ingkang narik kawigatosan, wiwit gambar ingkang saged ewah nalika buku dipunbuka. Saking pangertosan saking Dzuanda menika saged dipunsebat bilih *pop up book* menika kedah anggadhahi perangan buku ingkang saged medal utawi gadhah perangan 3 *dimensi*.

Pangertosan wayang miturut Kern (1994 : 28) inggih menika bayangan, remang-remang, wayang saking tembung wod saha yang ingkang kagungan arti obah kang dipunbola-baleni. Saged dipunsebut bilih wayang menika bayangan kang obah, bolak balik.

Miturut Rajagopali (1971 : 10) maringi pamanggih bilih Ramayana menika sanes sejarah utawi biografi. Cariyos Ramayana menika dipunpundhut saking mitologi Hindu. Kita boten saged mangertosi cariyos zaman Yunani menawi boten mangertosi Zeus, Apollo, Hercules, Venus, Hector, Priam, Achilles, Ulysess saha sapanunggalanipun. Ugi tiyang boten saged mangertosi dharma Hindu menawi dereng mangertosi Rama, Shinta, Bharata, Lesmana, Rahwana, Kumbakarna, Wibisana, saha Hanoman

Tarigan (1985 : 21) ngandharaken pangertosan nyerat inggih menika damel *lambang-lambang grafik* ingkang ngandharaken salahsatungaling basa ingkang dipunmangertosi dening piyantun, satemah piyantun-piyantun kasebat saged maos saha mangertosi *lambang-lambang grafik* kasebat.

Basa ingkang dipunginakkaken wonten *media* menika basa krama. Dene paugeran-paugeranipun ragam basa Jawi krama saha krama inggil miturut Harjawiyanasaha Supriya (2001 : 67-102) inggih menika

Basa krama menawi dipunpirsani miturut trap-trapaning unggah-ungguh basa menika basa krama langkung ngormati tiyang sanes dipuntandhingaken kaliyan basa ngoko. Basa krama menika ugi dipunsebat basa krama lugu, basa krama lugu menika tembungipun krama sedaya boten wonten tembung krama inggilipun.

Basa krama alus miturut trap-trapaning unggah-ungguh basa menika basa ingkang langkung inggil dipuntandhingaken kaliyan basa ngoko, ngoko alus saha krama. Basa krama inggil menika basa ingkang ngormati sanget kaliyan tiyang sanes. Basa krama inggil

menika tembungipun tembung karma kecampuran tembung krama inggil.

Cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu menika saperangan saking cariyos Ramayana, saking kitab ing Ramayana, cariyos Resi Jatayu menika kalebet ing kitab Aryana kanda. Kitab menika nyariyosaken Rama, Shinta dan Lesmana dipunbucal dhateng wana. Wonten ing wana Rama asring maringi pitulungan dhateng petapa ingkang dipunganggu raseksa. Kitab menika ugi nyariyosaken Dewi Shinta dipundhusta dening Rahwana ugi perang Jatayu mungsuh Rahwana.

CARA PANALITEN

Panaliten ingkang badhe dipuntindhakaken inggih menika kanthi irah-irahan “*media pasinaon pop up book cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu tumrap siswa kelas VIII SMP N 6 Magelang*”. Panaliten ingkang dipuntindhakaken menika kalebet jinis panaliten *Research and Depeloptment (R&D)*.

Miturut Sugiyono (2015:407) ngandharaken bilih Panaliten *Research and Depeloptment (R&D)* inggih menika panaliten ingkang ancaspun ngasilaken produk saha mangertosi priipun paedahing produk menika.

Subjek saking panaliten inggih menika siswa kelas VIII SMP N 6 Magelang. Wonten panaliten menika *subjek* ingkang maringi pamanggih tumrap *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu. Pamilahan *subjek* panaliten ngginakaken *simple random sampling*. Miturut Sugiyono (2015 : 120) *Simple random sampling* inggih menika *teknik* pamilahan *sampel* saking *populasi* ingkang dipunpilih kanthi acak boten nggatosaken *strata* wonten ing *populasi* kasebat. Satemah sedaya kelas VIII wonten ing SMP N 6 Magelang gadhah kalodhangan dados *sampel* wonten ing panaliten menika. Lajeng dipunpundhut setunggal kelas dados *sampel* panaliten menika. Menawi

objek inggih menika *media pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu

Cara anggenipun ngayahi panaliten menika migunakaken cara *ADDIE*. Cara *ADDIE* lumantar Padmo (2004 : 418) wonten 5 tataran inggih menika *Analysis, Design, Develoment, Implemnetation, saha Evaluation..* Cara *ADDIE* dipundamel dening Dick saha Carry (1996) kangge piwulangan. *Tahap ADDIE* dipunandharaken wonten ing ngandhap menika

1. Analysis

Wonten ing tataran menika ingkang dipunayahi inggih menika *analisis kabutuhan media* piwulangan enggal. Dipunwiwiti perkawis panaliten ingkang sampun dipunlampahi. Lajeng wonten perkawis saking *media* ingkang sampun boten trep kaliyan kabetahan sasaran, kawontenan sinau, saha *sifat-sifat siswa*.

Ing tataran *analysis* menika wonten *analisis* kawontenan inggih menika kawontenan piwulangan sakmenika, *analisis kurikulum* kanthi dhasar KD ingkang wosipun cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu.

2. Design

Wonten ing tataran *design* inggih menika ngrancang *model/media pasinaon*. Tataran menika kirang luwih sami kaliyan damel *kegiatan belajar mengajar*. Tataran menika dipunwiwiti saking ancaspun damel *media pasinaon*, ngrancang *skenario* utawi *kegiatan belajar mengajar*, ngrancang *perangkat pembelajaran*, ngrancang materi saha piranti *evaluasi pasinaon*, rancangan *model* utawi *media* menika tasih gadhah sifat *konseptual* ingkang dados dhasar tataran pasinaon saklajengipun

Ing tataran *design* inggih menika damel *flowchart* anggenipun damel *media pop up book*, saklajengipun ngempalaken materi Ramayana Resi Jatayu ingkang badhe dipunandharaken, saklajengipun damel *storyboard*, *storyboard* inggih menika perangan-perangan cariyos

ingkang badhe dipundamel *media pop up book*.

3. Development

Wonten ing tataran *development* inggih menika *realisasi rancangan produk*. Menawi ing tataran *design* sampun dipundamel *konsep* anggenipun damel *media* enggal, wonten ing tataran *development* menika dipundamel *produk/media* ingkang badhe dipunginakaken.

Ing tataran menika tataran anggenipun damel *media*, saksampunipun dipunkempalaken materi, damel *storyboard* saklajengipun damel *media pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu. *Media* ingkang sampun dipundamel lajeng dipun*validasi* saking dosen *ahli media* saha dosen *ahli materi*, lajeng dipun*revisi* menawi dereng trep, ngantos angsal *validasi* saking dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media* supados *media* ingkang dipundamel saged nindhakaken *uji coba*.

4. Impelmentation

Wonten ing tataran *implementation*, *rancangan* saha *media* ingkang sampun dipundamel dipunginakaken ing kawontenan nyata. Wonten ing tataran *implementation*, *media* ingkang sampun dipundamel dipunginakaken wonten ing piwulangan. Saklajengipun dipunparingi pambiji minangka *feedback* kangge *evaluasi produk* menika.

Media ingkang sampun angsal *validasi* dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*, dipunparingi pamanggih dening guru basa Jawi. Saklajengipun *uji coba* saha pamanggih dening siswa *produk media pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu tumrap siswa kelas VIII SMP N 6 Magelang.

5. Evaluation

Evaluasi inggih menika ngukur *kompetensi* akhir saking piwulangan utawi ancas piwulangan ingkang badhe dipuntuju. Asiling pambiji dipunginakaken kangge maringi pramayogi minangka *evaluasi produk*. Saklajengipun

dipundamel *revisi* miturut kawontenan *evaluasi* utawi kabetahan *produk media* enggal kasebat.

Panaliten menika ngandharaken asiling panaliten inggih menika pambijining *media* ingkang dipuntindhakaken dening *subjek* panaliten. Subjek panaliten wonten ing panaliten menika dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi saha siswa kelas VIII SMP N 6 Magelang.

a. *Evaluasi kualitas media* dening *dosen ahli materi*

Wonten 5 indikator ingkang badhe dipunbiji dening dosen ahli materi. 5 indikator inggih menika : *kualitas* anggenipun paring panjurung dhateng siswa, materipun trep kaliyan standar kompetensi, materi nggampilaken sinau, trep anggenipun ngginakaken basa, basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertosi.

b. *Evaluasi Kualitas Media* dening *Dosen Ahli Media*

Wonten 9 indikator ingkang badhe dipunbiji kaliyan dosen ahli materi. 9 indikator inggih menika : efektivitas teks, trep pamilahipun gambar, trep pamilahipun werni, trep pamilahipun background, trep kaliyan paraganipun, daya tarik, penekanan, keterpaduan, kreatifitas.

c. Guru basa Jawi

Evaluasi dening guru basa Jawi wonten 5 indikator inggih menika *Media* pasinaon menika saged dados panjurung anggenipun sinau basa jawi Jumbuhipun *media* kaliyan Kompetensi Dasar (KD), Kompetensi Inti (KI) saha Indikator. Jumbuhing materi kaliyan siswa kelas VIII.

d. Pamanggih Siswa

Pamanggih dening siswa wonten 5 indikator inggih menika *Tampilan media* pasinaon ngremenaken siswa, *Media* pasinaon gampil dipunginakaken, *Media* pasinaon nggampilaken siswa anggenipun mangertosi wosing cariyos Resi Jatayu, *Media* pasinaon nuwuhaken

motivasi/greget siswa anggenipun sinau, *Materi* wonten *media pasinaon gampil* dipunmangertosi

Saksampunipun data dipunkempalaken, lajeng wonten 2 tahap kangge nganalisis skor ngewahi biji dados skor penilaian saha nganalisis skor

ASILING PANALITEN

1. Tahap Damel Media Pasinaon Pop Up Book Cariyos Ramayana Lampahan Resi Jatayu

Tahap-tahap anggenipun damel *media pasinaon pop up book cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu* ngginakaken *tahap-tahap ADDIE*. *Tahap ADDIE* inggih menika 1). *Tahap Analysis* 2). *Tahap Design* 3). *Tahap Development* 4). *Tahap Implementation* 5). *Tahap Evaluation*. Andaharan saking *tahap-tahap damel media pasinaon pop up book cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu* wonten ing ngandhap menika.

a. Tahap Analysis

Tahap ingkang sepisan anggenipun damel *media pasinaon pop up book cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu* inggih menika *analysis*. Wonten ing *tahap analysis*. Panaliti nglampahi *analisis kurikulum* saha *analisis kawontenan piwulangan* wonten ing SMP N 6 Magelang.

Analisis kurikulum menika dipunayahi kanthi cara ningali *kurikulum* ingkang dipunginakaken wonten piwulangan ing SMP N 6 Magelang. Panaliti ngginakaken *Kompetensi Dasar* ingkang dipunginakaken wonten ing SMP N 6 Magelang inggih menika “*Memahami isi teks cerita Ramayana (Resi Jatayu)*”. *Kompetensi Dasar* menika gadhah *indikator* inggih menika menika mangertosi tembung-tembung angel wonten ing cariyos, lajeng mangsuli pitakonan wonten ing cariyos, lajeng nyerat cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu kanthi krama, saha nyariyosaken cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu. Kanthi dhasar *Kompetensi Inti*,

Kompetensi Dasar, saha *Indikator* menika ingkang dipundadosaken dhasar panaliti anggenipun damel *media pasinaon pop up book cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu*.

Saklajengipun nglampahi *analisis kawontenan*. *Analisis* menika dipunlampahi kanthi cara ningali kawontenan/ *observasi* kados pundi piwulangan basa Jawi wonten ing SMP N 6 Magelang. Saking *observasi* menika panaliti mangertosi perkawis-perkawis ingkang wonten ing piwulangan basa Jawi *materi Resi Jatayu* menika *media* ingkang dipunginakaken menika awujud *teks*, siswa kirang remen sinau cariyos Resi Jatayu, kawigatosanipun siswa kangge sinau cariyos Resi Jatayu kirang. Saking perkawis-perkawis menika, kedah dipunadosaken cara supados nggampilaken piwulangan basa Jawi babagan cariyos Resi Jatayu.

Pramila, adhedhasar *analisis kurikulum* saha *analisis kawontenan* menika. Cara kangge nggampilaken piwulangan basa Jawi babagan cariyos Resi Jatayu inggih menika damel *media pasinaon* ingkang saged narik kawigatosan siswa supados langkung remen sianu cariyos Resi Jatayu. *Media* ingkang dipundamel inggih menika *media pop up book*.

b. Tahap Design

Tahap saklajengipun inggih menika *tahap design*. Wonten ing *tahap* menika panaliti nglampahi tigang perkawis inggih menika damel *flowchart*, lajeng ngempalaken *materi*, ingkang pungkasan inggih menika damel *storyboard*.

Langkung rumiyin sepisan ing *design* inggih menika damel *flowchart*. *Flowchart* inggih menika damel urutaning anggenipun damel *media*. Tataran anggenipun damel *flowchart* inggih menika nglampahi *analisis kurikulum* saha *analisis kawontenan*. Saklajengipun damel *flowchart*, ngempalaken *materi*, saha damel *storyboard*. Saklajengipun damel *media pop up book*, *validasi media* saha *revisi*.

Lajeng nyuwun pambiji guru basa Jawi, *uji coba* saha pamanggih saking siswa. Ingkang pungkasan menika nganalisis *data* satemah ngasilaken *media pop up book*.

Saklajengipun ngempalaken *materi cariyos Resi Jatayu*. *materi* menika pikantuk saking guru basa Jawi SMP N 6 Magelang. *Materi* cariyos Resi Jatayu menika sampun dipunginakaken wonten ing piwulangan dening guru basa Jawi satemah saged dipundadosaken *materi* kangge damel *media pop up book*.

Pungkasanipun inggih menika damel *storyboard*. *Storyboard* inggih menika cariyos ingkang sampun dipunperang satemah sampun saged dipundamel awujud *media*. Ing tataran menika panaliti damel gambar cariyos ingkang sampun dipunperang dados sekawan kaca. Gambar dipundamel jumbuh kaliyan kawontenan cariyos. *Storyboard* ingkang sampun dados saklajengipun dipundamel dados *media pasinaon pop up book*.

c. Tahap Development

Tahap saklajengipun inggih menika *development*, tegesipun *tahap* menika *tahap pengembangan*. Wonten ing *tahap* menika *media pop up book* dipundamel, saklajengipun dipunuwunaken validasi dening *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media*. Wonten ing *tahap* menika panaliti nglampahi *revisi* ingkang jumbuh kaliyan pamrayogi dening *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media*.

Langkung rumiyin anggenipun damel *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu inggih menika ngempalaken piranti saha bahanipun. Menawi piranti saha bahanipun sampun siaga lajeng anggenipun damel *media pop up* saged dipunwiwiti. Sepisan, saksampunipun pikantuk materi lajeng saged damel *sket/gambar* ingkang jumbuh kaliyan cariyos. Saklajengipun, *Sket* dipunscan saha dipunparingi werni wonten ing aplikasi *corel draw*. Saklajengipun, gambar dipuncetak ngginakaken kertas *ivory 260 gr*. Saklajengipun, gambar dipunpantha-pantha saha dipunsusun

dados cariyos Resi Jatayu. Pungkasanipun, dipunjilid satemah dados *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu.

Media ingkang sampun dados saklajengipun dipunuwun *validasi* dening *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media*. Wonten ing *validasi*, panaliti ndadosi *media pop up book* jumbuh kaliyan pamrayogi saking *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media*. *Validasi* saking *dosen ahli materi* saha *ahli media* menika pikantuk asil pambiji tumrap *media pasinaon*. Asiling *evaluasi* dening *dosen ahli materi* pikantuk 88% ingkang tegesipun sae sanget. Menawi asiling *evaluasi* dening *dosen ahli media* pikantuk 95% ingkang tegesipun sae sanget. Pungkasanipun, *media* ingkang sampun pikantuk *validasi* dening *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media* angsal nindakaken *uji coba*.

d. Tahap Implementation

Tahap ingkang saklajengipun *tahap implementation*. *Tahap* menika saksampunipun *media* pikantuk *kelayakan* kangge nindakaken *uji coba* wonten ing sekolah. *Media* ingkang dipundamel lajeng dipunuwunaken *evaluasi kualitas media* dening guru basa Jawi saha pamanggih saking siswa. Sekolah ingkang dipunuwunaken pambiji *kualitas media* inggih menika SMP N 6 Magelang. Pambiji ingkang pikantuk saking guru basa Jawi saha saking siswa minangka *kelayakan media* ingkang dipundamel.

Pambiji tumrap *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu dening guru basa Jawi pikantuk pambiji 88% ingkang tegesipun sae sanget. Menawi pamanggih tumrap *media pasinaon pop up book* dening siswa kelas VIII B SMP N 6 Magelang pikantuk pambiji 94% ingkang tegesipun sae sanget.

e. Tahap Evaluation

Tahap ingkang pungkasan inggih menika *tahap evaluation*. Wonten ing *tahap* menika panaliti ngelampahi *analisis* tumrap data ingkang dipunpikantuk. Saking *data* ingkang

sampun dipunanalisis, saged dipunpirsani menawi *media pop up book* menika pikantuk *evaluasi* saking dosen ahli materi 88%, *evaluasi* dening dosen ahli media 95%, pambiji dening guru basa Jawi 88%, saha saking siswa 94%. Tegesipun *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu menika sae sanget satemah saged dados dhasar bilih *media pop up book* menika saged dipundadosaken *media* wonten ing piwulangan basa Jawi.

2. Evaluasi Kualitas Media Pasinaon Pop Up Book Cariyos Ramayana Lampahan Resi Jatayu Dening Ahli Materi saha Ahli Media

Evaluasi kualitas media dening ahli materi inggih menika *evaluasi* ingkang dipuntindakaken dening dosen ahli materi tumrap *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu. Ancasipun *evaluasi* dening ahli materi menika supados materi lampahan Resi Jatayu wonten ing *media pasinaon* menika angsal pambiji saha *validasi* kangge nindakaken uji coba. *Evaluasi* dening ahli materi menika dipuntindakaken dening Drs. Afendy Widayat, M.Phil minangka dosen Pendidikan Bahasa Jawa UNY. Drs. Afendy Widayat, M.Phil menika sampun nindakaken panaliten ingkang gegayutan kalian cariyos wayang, satemah dipunraos *mumpuni* dados *validator* *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu kasebat.

Evaluasi dening dosen ahli materi katindhakaken kanthi kalih tahap. Wondene asiling *evaluasi* tahap setunggal pikantuk skor *persentase* 72%. Ahli materi menika maringi pambiji *media* kanthi skor 88% ingkang tegesipun sae sanget saha dudutan bilih *media pop up book* menika sampun *valid* satemah saged nindakaken uji coba.

Evaluasi kualitas media dening ahli media inggih menika *evaluasi* ingkang dipuntindakaken dening dosen ahli media tumrap *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu.

Ancasipun *evaluasi* dening ahli media menika supados *media pasinaon pop up bok* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu menika angsal pambiji saha *validasi* kangge nindakaken uji coba. *Evaluasi* dening ahli media menika dipuntindakaken dening Dra Sri Harti Widyastuti, M.Hum minangka dosen Pendidikan Bahasa Jawa UNY. Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum menika dosen ingkang ngasta mata kuliah *media pembelajaran*, satemah dipunraos *mumpuni* dados *validator* *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu kasebat.

Evaluasi kualitas media dening dosen ahli media kalampahan tigang tahap. Wonten ing tahap setunggal pikantuk skor *persentase* 80%. Wonten ing *evaluasi tahap* kalih pikantuk skor *persentase* 91%. Pungkasanipun wonten *evaluasi tahap* tiga ahli media menika maringi pambiji *media* kanthi skor 95% ingkang tegesipun sae sanget saha maringi dudutan bilih *media pop up book* menika sampun *valid* satemah saged nindakaken uji coba.

3. Pamanggih Guru Basa Jawi saha Siswa Tumrap Media Pop Up Book Cariyos Ramayana Lampahan Resi Jatayu

Pamanggih guru basa Jawi saha siswa tumrap *media pasinaon* inggih menika pambiji saha pamanggih dening guru basa Jawi saha siswa kelas VIII wonten ing SMP N 6 Magelang tumrap *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu. Ancasipun pamanggih dening guru basa Jawi saha siswa tumrap *kualitas media pasinaon* menika supados *media pasinaon* ingkang sampun angsal *validasi* dening ahli materi saha ahli media saklajengipun dipunuwun pamanggihipun kados pundi *media pasinaon* menika saged dipunginakaken wonten ing piwulangan basa Jawi

Pambiji *kualitas media pasinaon* dening guru basa Jawi inggih menika pambiji saha pamanggih guru basa Jawi

tumrap *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu. Ancasipun pambiji *kualitas media pasinaon* menika supados saged ngukur kados pundi *kualitas media pasinaon* menika wonten ing piwulangan basa Jawi kanthi *materi cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu*. Pambiji *kualitas media tumrap media pasinaon* menika dipuntindakaken dening Sri Mulyani, S.Pd minangka guru Basa Jawi kelas VIII SMP N 6 Magelang.

Guru basa Jawi menika maringi pambiji *media pasinaon* 88% ingkang kalebet sae sanget saha maringi dudutan bilih *media pop up book* menika sampun saged dipunginakaen wonten ing piwulangan basa Jawi.

Pamanggih Siswa tumrap *media pasinaon* inggih menika pambiji saha pamanggih siswa kelas VIII SMP N 6 Magelang tumrap *media pasinan pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu. Ancasipun inggih menika kangge mangertosi kados pundi *kualitas media pasinaon* kangge piwulangan basa Jawi ing kelas miturut siswa. Uji coba dipuntindakaken wonten kelas VIII B SMP N 6 Magelang. Siswa kelas VIII B SMP N 6 Magelang cacahipun wonten 30 siswa.

Pamanggih siswa tumrap *media pasinaon* menika ngemu gangsal indikator inggih menika 1) *Tampilan media pasinaon* ngremenaken siswa, 2) *Media pasinaon* gampang dipunginakaken, 3) *Media pasinaon* nggampilaken siswa anggenipun mangertosi wosing cariyos Resi Jatayu, 4) *Media pasinaon* nuwuhaken *motivasi/greget* siswa anggenipun sinau, saha 5) *Materi* wonten *media pasinaon* gampang dipunmangertosi. Asiling *angket uji coba* ing kelas VIII B SMP N 6 Magelang menika pikantuk skor 94,53%.

Tegesipun *kualitas media* sae sanget, satemah piwulangan basa Jawi saged ngginakaken *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu.

Kejawi asiling angket menika *kualitas media* menika dipunsengkuyung kaliyan asiling gladhen siswa saksampunipun ngginakaken *media pasinaon*. asiling gladhen sakderengipun ngginakaken *media / pre-test* menika pikantuk *rata-rata* 69,2. Menawi asiling gladhen saksampunipun ngginakaken *media/ post-test* menika pikantuk *rata-rata* 87. Asil menika nedahaken bilih asiling gladhen langkung sae saksampunipun ngginakaken *media pasinaon/ post-test* dipuntandingaken kaliyan asiling gladhen sakderengipun ngginakaken *media/ pre-test* kanthi *persentase kenaikan* ingkang sampun dipunetang ngginakaen *aplikasi microsoft excel* menika 26%. Asiling menika saged dipundadosaken dudutan pananggenipun *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu menika *efektif* dipunginakaken wonten ing piwulangan basa Jawi.

Kualitas Media pasinaon pop up book cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu saged dipunmangertosi saking asiling pambiji saking dosen ahli materi, dosen ahli media, guru basa Jawi saha pamanggih siswa. Asiling pambiji pungkasan *kualitas media pasinaon pop up book* menika saged dipunpirsani wonten *tabel* ing ngandhap menika.

No	Pambiji Media Pasinaon	Persentase	Kategori
1.	Dosen Ahli Materi	88%	Sae Sanget
2.	Dosen Ahli Media	95%	Sae Sanget
3.	Guru Basa Jawi	88%	Sae Sanget
4.	Pamanggih Siswa	94%	Sae Sanget
Asiling rata-rata persentase		91,25%	Sae Sanget

DUDUTAN

Panaliten ingkang dipuntindhakaken menika panaliten kanthi irah-irahan “*Media Pasinaon Pop Up Book Cariyos Ramayana Lampahan Resi Jatayu Tumrap Siswa Kelas VIII SMP N 6 Magelang*”. Panaliten ingkang dipuntindhakaken menika kalebet jinis panaliten *Research and Depeloptment (R&D)*. Panaliten *Research and Depeloptment (R&D)* inggih menika panaliten ingkang ngasilaken *produk* tartamtu. *Produk* ingkang dipunasilaken inggih menika *media pasinaon awujud pop up book* kanthi cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu. Adhedhasar saking asiling panaliten saha pirembagan saged dipun pundut dudutan inggih menika.

1. Cara anggenipun damel *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu menika ngginakaken *ADDIE*. Cara *ADDIE* inggih menika wonten gangsal *tahap* inggih menika *a). Tahap Analysis, analisis* menika nglampahi *analisis kurikulum* saha *analisis kawontenan b). Tahap Design*, ingkang kalebet *tahap design* inggih menika damel *flowchart*, ngempalaken materi, saha damel *storyboard c) Tahap Development*, ingkang kalebet *tahap pengembangan* inggih menika damel *media, revisi produk*, saha *validasi media d). Tahap Impelmentation*, ingkang kalebet *tahap penerapan* inggih menika pambiji guru basa Jawi, *uji coba*, saha *pamanggih* siswa saha *e). Tahap Evaluation*, ingkang kalebet *tahap evaluasi* inggih menika *analisis data* saha asiling *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu.

2. *Evaluasi kualitas media pasinaon pop up boook* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu dipuntindakaken dening *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media*. Asiling *evaluasi kualitas media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu dening *dosen ahli materi* menika pikantuk *persentase 88%*

ingkang tegesipun sae sanget. Menawi asiling *evaluasi kualitas media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu dening *dosen ahli media* menika pikantuk *persentase 95%* ingkang tegesipun sae sanget.

3. Pambiji *kualitas media* dipuntindakaken dening guru basa Jawi saha pamanggih dipuntindakaken dening siswa tumrap *media pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu. Asiling pambiji *kualitas media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu pikantuk *persentase 88%* ingkang tegesipun sae sanget. Menawi pamanggih siswa tumrap *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu menika pikantuk *persentase 94%* ingkang tegesipun sae sanget.

Adhedhasar saking asiling *evaluasi* dening *dosen ahli materi, evaluasi* dening *dosen ahli media*, pambiji dening guru basa Jawi, saha pamanggih saking siswa kelas VIII saged dipunpundhut dudutan bilih asiling pambiji pungkasan *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu menika pikantuk *persentase 91,25%*. Tegesipun *media pasinaon pop up book* cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu menika sae sanget satemah saged dipunginakaken tumrap piwulangan basa Jawi mliginipun babagan cariyos Ramayana lampahan Resi Jatayu.

KAPUSTAKAN

Arikunto, Suharsimi.1993.*Prosedur penelitian suatu pendekatan praktek*.Jakarta : Rineka Cipta

Arsyad, Azhar. 2009. *Media Pembelajaran*. Jakarta: Raja Grafindo Persada

Dzuanda.2009. *Perancangan buku cerita anak pop-up tokoh-tokoh wayang berseri seri gatotkaca*. Jurnal Library ITS Undergraduate

<http://digilib.uinsby.ac.id/>

Senin, 09 Januari 2017 pukul 19.30
WIB

Harjawiyana, Haryana saha
Supriya. 2001. *Marsudi Unggah-
Ungguh Basa*. Yogyakarta :
Kanisus

Ismawati, Esti. 2012. *Metode Penelitian
Pendidikan Bahasa & Sastra*.
Yogyakarta : Penerbit Ombak

Mertosedono, Amir. 1994. *Sejarah
Wayang*. Semarang : Dahara Prize

Padmo, Dewi dkk. 2004. *Teknologi
Pembelajaran: Peningkatan
Kualitas Belajar Melalui Teknologi
Pembelajaran*. Ciputat: Pusat
Teknologi Komunikasi dan
Informasi Pendidikan

Poerwadaminta. 2015. *Kamus Bausastra
Jawa*. Candalab Studio

Putra, Nusa. 2015. *Research and
Development penelitian dan
pengembangan suatu
pengantar*. Jakarta : Rajawali Pers.

Rajagopalachari, Cakravarti. 2014. *Kitab
Ramayana*. Yogyakarta : Laksana

Sudarmanto. 2008. *Kamus Lengkap Bahasa
Jawa (Jawa-Indonesia, Indonesia-
Jawa)*. Semarang : Widya Karya

Sugiyono. 2015. *Metode Penelitian
Pendidikan Pendekatan Kuantitatif,
kualitatif dan R&D*. Bandung :
Alfabeta

Tarigan, Henry Guntur. 1985. *Menulis
Sebagai Suatu Ketrampilan
Berbahasa*. Bandung : Angkasa

TIM FBS UNY. 2016. *Panduan Tugas
Akhir*. Yogyakarta : Fakultas
Bahasa dan Seni